


СЕЙЛМУХАНОВ Муса

Нохчийн халкъан яздархо – Сейлмуханов Муса вина I948-чу шеран 25-чу мартехь Казахстанехь. I957-чу шарахь МусагIеран доьзал Нохчийчу цIа боьрзу. Шен дай баьхначу юьртахь Элстанжахь юккъера школа чеккхйоккху Мусас. Оццу школехь, эскарера цIавеанчул тIаьхьа, хьехархочун болх бан волало иза. Балхахь мукъа а ца волуш, Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институт а чеккхйоккху Мусас. Цхьана муьрехь «Даймохк», «Голос Чеченской Республики», «Колхозан дахар» газеташкахь жоьпаллин секретаран даржехь а, масийтта шарахь Наур кIоштан «Терская правда» газетехь коьртачу редакторан заместитель волуш а белхаш бина цо. Стихаш язъян волавелла 80-чу шерашкахь. Уьш зорбане йийлина республикехь арахоьцуш долчу газеташ тIехь а, журналаш тIехь а. Стихийн масех гуларан автор ву Муса – «Уьдучу шерийн лорах», «Жима доттагI», «Иллешка дирзина дош», «Черчийн доьзал». Муса вина 70 шо кхочуш НР-н яздархойн  Союзо зорбане яккха кечйина «Библиотека – хаза хан» цIе йолу берашна лерина стихийн гулар. Цуьнан цхьайолчу байташ тIехь иллеш даьхна нохчийн иллиаларххоша. 20I5-чу шарахь I0-чу апрелехь Нохчий Республикан Куьйгалхочо Р.А. Кадыровс шен Указаца «Нохчийн халкъан яздархо» аьлла, сийлахь цIе тиллина Мусана.

Цуо вуно жигара дакъалоцу белхашкахь а, тайп-тайпана мероприятеш вовшахтухуш. Бераш патриотически дог-ойланехь кхетош-кхиоран балхахь дуккха а шерашкахь беркате къахьегарна а, кхоллараллин балхахь билгалболу кхиамаш бахарна а НР-н Парламентан цIарах а, Правительствон цIарах а, ткъа иштта дуккха а министерствийн а, ведомствийн цIарах а сийлаллин грамоташца совгIаташ дина Мусана. Тахана а Невран кIоштан тIетоьхначу дешаран учрежденехь Берийн-кегийрхойн туризман а, мохкталлархойн а Центрехь методистан болх беш ву Муса. Цуьнан хьехархочун белхан стаж – 45 шо ю.

**Иллийн ницкъ**

Иллийн я эшарийн хилла бац цкъа а тоам,

Дахаран некъаша хийцарх шен амат, куц.

Боккха бу дуьненчохь дехачу адамийн лаам, –

Иллеша ло царна кхин дIа а вахаран ницкъ.

Пондаран мукъамо керчаеш тулгIенаш хьалха,

Эшарийн аз кхийда стигланан есалле, хьекъа…

Иллеш ца хилча, хир дара хIара дахар цхьалха, –

Цо бен яшор яц даг тIера зарзйоьлла мекха.

Шерийн къаналле доьду дIа къоналлин гIора,

Деган апаре дерзош шен гIелделла пхенаш.

Пондаран мукъамо гIаттаво меттара хIора а,

Самайоху шераша дIа мел ихна хенаш.

Иллийн я эшарийн хилла бац цкъа а тоам,

Дахаран некъаша хийцарх шен амат, куц.

Боккха бу дуьненчохь дехачу адамийн лаам. –

Иллеша ло вайна кхин дIа а вахаран ницкъ…

**Хьо юхаелча Дала**

Юхаелча, цхьана минотана хьо, Дала

Дийцаза диснарг хьоьга делхон дIа.

Серлайохуш сайн ойланийн кхане,

Хьан когашна барташ дохуш Iен.

Белхо хьоьга кийрахь IаьIна бала, –

ГIалатех сайн буьзна шерийн дуо.

Юхаелча, цхьана минотана хьо, Дала –

Боьрзур бара сан массо чевна муо.

Хьай оьзда васт дуьтуш тхоьца даха,

Цуьнца цхьаьна буьтуш кошан барз,

Хьо дIаяха, кешнийн хьармехь яха,

Суна юьтуш корехь зIаьнарш яжа.

Сагатдо хьуна, жимчохь санна, нана!

Муха лачкъор дIа и дегаIийжам ас?

БIарзлуш хилча, тIе мел йогIу кхане, –

Ца гуш хилча, дагна хьоме васт…

**Ларделахь дош**

*(КIанте)*

Юьхь дуьхьал аьллачух ма вала дохко,

ТIаьхьашха олучух ларделахь дош.

Харц цIе кхоьллина, вийцарх а махко, –

Бакъдерг дуьсур ду, вилларх а коша.

Халахетар, хазахетар лоьхуш ца догIу,

Хьо цунна хилалахь даима кийча.

Диканна диталахь даьккхина догIа, –

Оьзда мотт хир бу хьан цуьнца бийца.

ДIадевлларш дIадахна, даьржина пана…

Уьш леха ма гIерта, дагна беш ницкъ.

Хастамбеш вахалахь яьккхинчу ханна, –

Дела ву латтош верг шен лаьшна рицкъ.

Ойланаш кегошшехь, дIауьду вайн хенаш,

Керчабеш къаналле зарзбелла хIоз.

Цо денна хьекхош вайн синан пхенаш, –

ДӀаяхна яьлла хан хоьтуьйту моз.

Барз буьтуш дӀадоьрзу мел деха дахар,

Коьртте доьгӀна чурт – вахаран теш.

Мел дукха гулбаларх, буьсур бу бахам –

Вахалахь, хьаналчун сий-ларам беш!..

**Генахь хиларх**

Могуш-маьрша хьо хилийла лууш,

Ваьлла хиларх хьуна гена со, –

Хилла безам, де мел дели, кхуьуш,

ЧагIлур бу, ларъеш вонах хьо.

Со Iехийна, сирла шовдан коьрте…

Хено хьоьстуш, цхьа кхин лаьттар ву.

Дагна хьоме хьо кхиънячу кхерчан

Сийдеш, иэсехь безам лаьттар бу.

Хьан ирсана денна аьтто боьхуш,

Генахь хиларх, Деле йоьхур ю!

Синхьаам а хаьдда, кхоллам лоьхуш,

Синтем байна, балехь хьийзар бу.

Вайшинна юкъа йоьлла хиларх херо,

Хиларх шога вайн къастаран некъ,

Валор ву со, мацца а цхьана дийно,

Сатийсамца, ирс левзинчу керта.

**Холча ма хIитта**

Холча ма хIитта, йоI, дахар ду доца.

Ойланаш дукха ярх а, цкъа деза къаста.

Цхьана дийнахь безаман гуро хо лацахь,

Елалой, екхалой, ахь дуьне хьаста!

Ойланийн мазлагIахь дог дита лела,

Марзонан дургал цуо гулдийр ду тIе,

Дита и бацалахь сирла тхи мийла,

Иэшахь цуо йойур ю шеконан цIе.

ГIенаха мел гинарг хилийта кхочуш,

Елалой, екхалой, малхаца гIатта!

Дуьненчохь хIумма дац безаме кхочуш,

Цуьнца хьайн ирс хьуна карор ду атта.

***

Цхьанненна а со ца уьду тIаьхьа…

Амал а ца йогIу сан цхьаьнцце, цхьаьна.

Воккхачуьнца гIиллакх лоций, вогIу со тIаьхьа,

Сайл жиманиг кхиийта вайн гIиллакхашна тIаьхьа.

**Ахьмад-Хьаьжа**

Лайра къомо луьра хенаш –

Кегий, бакхий баланаш.

Амма гIаьттира Къонах хенан,

Серлайохуш ойланаш.

Ахьмад-Хьаьжа хьалха волий,

Нийсачу новкъа долу къам:

Нохчийчоь вайн паргIатйолу –

Машар чIагIбеш, йоьду хан.

Халкъан тешам – Сийлахь лакхе!–

Къонахчуьнга кховдий дарж!

Нохчийн байракх ойуш леккха,

Лаьмнийн коьрта тилли таж.

Маржа яI хьо, дуьне-дахар,

Хьан чохь кхуьу тешнабехк:

Зулам дезаш болчу наха,

Делхий адам, нохчийн мохк.

Вилларх Къонах лаьттан кийра,

Хих дIаидарх зама, хан,

Дегнаш мел ду нохчий кийрахь,

Вехар ву и вайца цхьаьна!

Бовр бац цуьнан нуьре Седа,

Йовр яц мехкан кхерчахь цIе:

Тодеш, хаздеш къоман дахар,

ТIаьхье мел ю вайн дикчу ден!

**Хьо хьалхавелира**

*Нохчийн Республикан Хьалхарчу Президентан,*

*Россин Турпалхочунна Кадыров Ахьмад-Хьаьжина.*

Нохчийчохь тӀеман кӀур базбала боьлча,

Адамийн къизалла совйийла йоьлча,

Декъазчу синошка мохь-орца даьлча, –

Хьо хьалхавелира, халкъ паргӀатдаккха.

Бакъдинан мостагӀий Ӏилманца эшош,

Ийманах галваьлларг эхартах тешош,

Бакъонехь лела дош хIорангга  кхачош,

Хьо хьалхавелира, халкъ паргIатдаккха.

КIеззигчу тобанца, шен даг чу чIагIо

Йиллина, дIахIоьтти хьан кIентан агIо.

Къоначийн дог-ойла иркарахIиттош,

Хьо хьалхавелира, халкъ паргIатдаккха.

ГIевттира хьан кIентий, ца бовлуш юха,

ГIазотехь эгначийн, байинчийн дуьхьа,

Зуламдай эшийна, сий-лакхе йоккхуш,

Толамца, Нохчийчоь ахь паргIатъяьккхи.

Барт чIагIбеш, халкъана маьрша некъ баьккхи,

Хийла да Iожаллах кIелхьараваьккхи,

Кхуьучу тIаьхьенна Сийлахь ЦIе йитна,

Турпал-да дIаваха, кIайн дуьне дитна.

Вайн ярташ, гIаланаш юха дIахIиттош,

Исбаьхьа майданаш малхаца гIиттош,

Массо а къаьмнашна маьрша неI йилли,

Яхь йолчу хьан кIанта ирсан тIай тилли.